

## Grenn 'ECP' yo, se Pou Ka Dijans Sèlman

Pou pifò fanm, se pa 'ECP' yo ki pi bon metòd òdinè pou kontwòl nesans. Yo pa efikas tankou lòt metòd òdinè planinn yo epi yo koute pi plis lajan.

Si wap fè bagay, sèvi ak planinn òdinè (grenn, kapòt, piki, etc...)

Grenn 'ECP' yo pa anpeche w pran ni enfeksyon nan fè bagay ni SIDA. Pi bon pwoteksyon kont SIDA ak enfeksyon nan fè bagay se kapòt.

## Èske Pa Gen Danje Ladan-You?

Biwo Ozetazini ki responsab pou tcheke manje ak medikaman (kidonk U.S. Food and Drug Administration) deja di grenn 'ECP' yo pa gen anje ladan yo. Yo kapab reyèlman ede w pa tonbe ansent aprè w te fin fè bagay san w pat sèvi ak pwoteksyon.

## Èske Yo Kapab Fè lòt Efè Sou Ou?

Grenn 'ECP' yo fè kè fi santi yo malad nan Vant, oswa lib a yo vomisman. Gen fi, se tete yo ki ka fè yo mal oswa yo ka gen tèt fè mal. Malèz say o kapab dire yon jounen konsa. 'ECP' pilil ki gen pwojestin sèlman pap pote malèz sa yo, an jeneral. Grenn 'ECP' yo ka fè kèk fi vin genyen règ yo yon tijan pi bone oswa anreta.

## Kòman m Ka Jwenn Grenn 'ECP' yo?

Wa kapab jwenn yon preskripsyon pou grenn 'ECP' yon an men doktè w oubyen nan dispansè yo. Gen kote fi yo kapab al chache yo dirèkteman nan famasi. Tcheke sit entènèt sa-a pou w sa jwenn enfòmasyon sou pwodwi 'ECP' yo ak lòt pilil kontwòl nesans òdinè ou kapab jwenn nan peyi etranje ke ou ta kapab itilize tankou grenn 'EC':

<http://www.not-2-late.com>

(An angle, espayòl, franse, arab)

1 - 888 - 668 - 2528

(1 - 888 - NOT - 2 - LATE)

## Plannin Rapid Pou Ka Dijans



Li Pa Twò Ta Pou Anpeche-w Vin Ansent



PATH se yon òganizasyon entènasyonal san bi likratif kap travay pou amelyore lasante nan lemonn. An kolaborasyon ak lòt patnè li nan sektè prive ak piblik, PATH ak devlope kèk teknik pou solisyon pwoblèm lasante popilasyon yo, nan yon fason ki akseptab a moun yo. Si w ta vle pi plis enfòmasyon, al vizite sit sa-a: [www.path.org](http://www.path.org).

## Ou Pè-w Ka Ansent?

Chèche sèvi ak planning rapid si w te fè bagay ak gason pandan 5 jou ki fèk pase yo epi:


- ou pat sèvi ak anyen pou pat ansent
- kapòt la te chire
- ou te pran piki planinn-la anreta
- ou te sote 2 grenn planinn oswa plis youn dèyè lòt, oubyen out e kòmanse pran grenn-yo anreta
- yo te fòse w fè bagay

Planinn Pou Ka-Dijans-la rele "Emergency Contraception"; se yon fason pou anpeche w tonbe ansent apre w fin fè bagay.

Genyen 2 jan Planinn Pou Ka-Dijans:

1. Pilil Pou Planinn Rapid (yo konn rele yo tou 'ECP' oswa pilil demen maten) pou pran nan lè 5 jou apre ou te fè yon bagay, oswa
2. 'IUD' (bagay entraiteren) pou yo mete pou wou nan lè 7 jou apre ou te fè yon bagay.

Mande doktè w oswa enfimyè w plis detay sou sa.



<http://www.not-2-late.com>

(An angle, espayòl, franse, arab)

## Kisa Grenn Planinn Pou Ka-Dijans Yo Ye (Grenn ECP-yo)?

'ECP' yo se pilil pou kontwòl nesans. Pou pa tonbe ansent, se pou pran yo pa dòz espesyal nan lè 5 jou apre ou te fè yon bagay, Genyen 2 kalite grenn 'ECP':

- Pilil ki gen pwojestin sèlman ki diminye chans pou vin ansent a 89 sou san.
- Pilil ki gen estrojen ak pwojestin ki diminye chans pou vin ansent a 75 sou san.

Genyen lòt pilil regilye pou kontwòl nesans ki, si yo pran yo pa dòz espesyal, kapab fonksyone tankou 'EC'.

Si w ale nan sit entènèt sa-a, wa ka jwenn mak ak dòz pilil yo pou chak peyi: <http://www.not-2-late.com>.

## Kijan pou mwen pran grenn 'ECP' yo?

- Ou kapab pran pilil ki gen pwojestin sèlman swa pa yon sèl dòz oubyen pa 2 dòz: premye an nan lè 120 èd tan apre ou te fè yon bagay epi dezyèm lan apeprè 12 èd tan apre.
- Wa oblije pran pilil ki gen estrojen ak pwojestin pa 2 dòz: premye an nan lè 120 èd tan apre ou te fè yon bagay epi dezyèm lan apeprè 12 èd tan apre.
- Pran yo dapre rekòmandasyon doktè w oubyen pran yo pa dòz ki mache pi byen pou wou an.

## Pa Rete Tann!

Pou ede w pa tonbe ansent, wa oblije pran Pilil Pou Planinn Rapid yo nan lè 5 jou (kidonk 120 èd tan) apre ou te fè yon bagay. 'ECP' yo pi efikaz lè ou pran yo touswit apre ou fin fè bagay.



## Kijan Grenn 'ECP' yo Travay?

Etid yo fè montre ke anpil fwa, 'ECP' yo ede anpeche w tonbe ansent paske yo stope ze ovilasyon en dedan vant ou fòmè; konsa pou pa ansent.

Grenn 'ECP' yo pap travay si w deja ansent. Grenn 'ECP' se pa grenn pou jete pitit yo ye.

Si w ta vle jwenn plis enfòmasyon nan peyi Etazini, telefone nimewo espesyal (Emergency Contraception Hotline). Li gratis, li sekrè, 24 sou 24.



1 - 888 - 668 - 2528

(1 - 888 - NOT - 2 - LATE)